

# ba yo plis konesans renmen yo plis

Chak moman ou pase ak pitit ou konte. Chante pou pitit ou, li pou li, anbrase li, etabli woutin pou li, koute li lè li vle di w yon bagay oubyen lè li vle yon bagay, menmen li kay doktè regilyèman epi chwazi yon bon gade li. Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann reyalizasyon.

Telephone 305-631-8111 pou ou pran plis enfòmasyon [www.bayopliskonesansrenmenyoplis.org](http://www.bayopliskonesansrenmenyoplis.org)



## Pare pou aprann: Bay pitit ou meyè kòmansman an (Dezyèm pati Seri a)

Koutwazi Reach Out and Read Miami, yon pwogram ki afilye ak Depatman Pedyatri, Sant Medikal Boston, Lekòl Medsin, Inivèsite Boston.

Dezyèm Pati seri sa a bay enfòmasyon sou plizyè etap devlopman timoun ak kèk sijasyon sou fason paran timoun 18 mwa a 5 an kab ankouraje alfabetizasyon bonè nan yon laj tou piti. Enfòmasyon sa yo te rasanble nan yon gid ki rele "Developmental Milestones of Early Literacy Guide"; se Scholastic Publishers ki te pibliye yo, epi yo distribiye atravè pwogram nou an "Reach Out and Read", yon pwogram pedyatrik nasyonal sou alfabetizasyon timoun, k ap ede fanmi

ak kominote sipòte ladrès aprann li bonè pou timoun yo ka antre lekòl tou prepare pou yo reyisi. Aktyèlman, atravè yon asosyasyon ant Lekòl Medsin Inivèsite Miami, 15 sant pedyatri nan Miami-Dade ap bay liv timoun nan visit woutin kay doktè ansanm ak enfòmasyon sou fason paran yo ka ede nan devlopman aprantisaj pitit yo.

Men enfòmasyon sant National Reach Out and Read Center a gen pou paran ak moun k ap pran swen timoun:



Se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann reyalizasyon. Se kon sa yo aprann reyalizasyon. Se kon sa yo aprann reyalizasyon.

**MISSION NOU:** Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektiyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvi aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

### Inside:

- Mande espè a.....2
- Benyen nan pisin an sekirite.....2
- Bay bibon nan lè pou al nan kabann.....2
- Sekirite nan chèz pou timoun chita nan machin.....3
- Fwaye pezig: Aprann fason pou rezoud pwoblèm .....3
- Bòn nwit Vincent "Goodnight Vincent" .....4
- Participating Reach Out and Read Miami Sites .....4
- Kalandriye Aktivite yo.....4

Laj	Pitit ou a kapab:	Sa ou kapab fè pou ankouraje alfabetizasyon timoun bonè:
18-24 mwa	Vire paj liv an katon alèz, youn pa youn; mache ak youn liv nan tout kay la; di non moun ki nan foto li abitye wè; di kèk mo nan istwa li abitye tande; "fè lekti" bay poupe ak animal boure; resite kèk pati istwa popilè li abitye tande.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Chache liv ki gen rapò ak esperyans pitit ou.</li> <li>• Swiv siyal pitit ou ap bay yo. Si pitit ou parèt fatige ak twò estimile, ba li youn ti tan repo an silans. Si pitit ou sanble li sou sa epi li enterese jwe, kontinye li istwa pou li.</li> <li>• Mete liv nan woutin jounen an, tankou lè pou ale nan kabann.</li> <li>• Poze kesyon tankou "Ki sa sa ye?" epi bay pitit ou tan pou l reponn ak reyaji. Ankouraje pitit ou konplete kèk fraz nan liv yo si li chwazi fè sa.</li> <li>• Lonje dwèt sou foto yo nan liv yo epi di non bagay yo yon fason pou bati vokabilè pitit ou.</li> <li>• Se pou w dakò li menm istwa a anpil fwa youn apre lòt. Timoun renmen repetisyon.</li> </ul>
24-36 mwa	Aprann sèvi ak paj an papye; vire paj liv yo ale tounen pou jwenn foto li pi renmen; resite yon fraz ann antye, pafwa yon istwa ann antye; asosye mo yo ak foto yo; li liv li abitye wè yo pou kont li.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Fè lekti ansanm ak pitit ou chak jou.</li> <li>• Kontinye sèvi ak liv nan woutin nou.</li> <li>• Fè lekti nan lè pou ale dòmi.</li> <li>• Se pou w dakò li menm istwa a anpil fwa youn apre lòt.</li> <li>• Mande "Ki sa w panse ki pral rive apre sa?" Oswa, "Ki sa sa ye?"</li> <li>• Fè relasyon ant liv yo ak esperyans pitit ou.</li> <li>• Ba li kreyon desen ak papye pou ekri istwa epi fè desen ki mache ak istwa a.</li> </ul>
3 an oswa plis	Pase paj yo youn pa youn; koute istwa ki pi long; rebay youn istwa li abitye tande; konprann sa yon tèks ye; pase dwèt anba mo yo nan yon tèks; kòmanse "ekri" non li ak kèk lèt; kòmanse idantifye kèk lèt alfabè a; kòmanse bay sekans evènman nan istwa yo (sa ki vini an premye, nan mitan ak nan fen).	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Fè lekti ansanm ak pitit ou chak jou.</li> <li>• Kontinye sèvi ak liv nan woutin nou.</li> <li>• Fè relasyon ant liv yo ak esperyans pitit ou.</li> <li>• Ba li kreyon desen ak papye pou ekri istwa epi fè desen ki mache ak istwa a.</li> <li>• Ankouraje l ekri ak desinen.</li> <li>• Kite pitit ou "rakonte w" istwa a, menm si li poko kapab li mo yo.</li> <li>• Kòmanse fè jwèt imajinasyon ak "Pretann" ansanm ak pitit ou.</li> <li>• Chante chan ki gen je d mo ak « mouvman dwèt » ansanm ak pitit ou.</li> </ul> <p>Bat pou fè pitit ou wè w k ap li jounal, resèt, liv ak lòt materyèl ekri. Moutre pitit ou kouman lekti jwe youn wòl enpòtan nan lavi wou.</p>

Si ou ta renmen resewa ti jounal sa a an kreyòl, rele (305) 631-8111



Telefòn 305-631-8111 pou nou pran plis enfòmasyon

<http://www.bayopliskonesansrenmenyoplis.org>

## Mande espè a

Otè: Debbie Glasser, Ph.D., direktis sèvis sipò pou fanmi nan "Mailman Segal Institute for Early Childhood Studies" nan Nova Southeastern University, li se otè liv "Positive Parenting," ki parèt chak semèn nan jounal The Miami Herald.

### Kesyon :

Pitit 3 an mwen an refize pataje sa l genyen ak lòt moun. Li kwè tout bagay se « afè mwen ». Mwen pa vle l vin egoyis. Ki sa m kab fè?

### Repons :

Òdinman, timoun l a 3 an toujou panse tout bagay se pou yo. Timoun piti gen tandans pou yo egoyis natirèlman epi yo toujou ap aprann bay. Konpòtman tigason w lan pa vle di li egoyis pou sa. Gradyèlman li kab aprann pataje sa l genyen ak lòt moun si w ankouraje l epi sipòte l. Men kèk sijasyon:

**Pran pasyans.** Aprann bay se yon bi enpòtan pou lavi timoun, men se yon ladrès ki pran tan pou aprann.

**Sipòte sa l santi.** Lè pitit ou di « se afè mwen », fè l konnen ou konprann sa l santi a. Apre sa, fè l sonje tou dousman lòt yo bezwen pataje tou. Lè li di « kamyon mwen », ou kapab di « Wi, sa se kamyon w, li espesyal anpil pou wou. Kounye a, Jamie vle fè yon kout jwe ak li tou, apre sa l ap remèt ou li. »

**Se pou w fleksib epi reyalis.** Nan lavi chak timoun, kèk bagay oswa jwèt ka twò pèsònèl oswa gen twòp valè pou yo pataje yo ak lòt moun. Paregzanp, pitit ou ka gen yon tinounous li ancheri oswa yon rad yon sipè ewo yo ba li kòm prim ki gen yon siyifikasyon espesyal pou li. Panse kite pitit ou sere kèk bagay espesyal anvan yon zanmi vin lakay ou. Apre sa eksplike l li dwe kapab pataje lòt jwèt ki rete yo ak lòt timoun.

**Trase bon egzanp.** Pataje ak lòt moun epi moutre l lè ou wè yon lòt moun ak pataje afè l. Paregzanp, lè pitit gason w vle eseye soulye papa l, papa l kapab di « sa se soulye m, m ap byen kontan kite w mete yo pou m pataje avè w. »

**Fè egzèsis pataje.** Youn nan meyè fason timoun kab aprann pataje se nan fè egzèsis ladrès sa yo ak zanmi. Fè aranjman pou yo vin jwe lakay ou epi siveye timoun yo pandan y ap aprann tann tou pa yo epi pataje. Lè sa posib, moutre yo jwèt yo ka jwe ansanm tankou pwojè atis pou yon gwoup oswa jwe boul. Moutre pitit gason kouman sa kapab amizan anpil pou l pataje epi pou l tann tou pa l lè l ap jwe ak zanmi.

**Ankouraje efò ak pwogrè.** Konsantre sou konpòtman pozitif pitit gason w. "Joey, m remake ou menm ak Trevor tann kou pa nou pou jwe ak machin yo. Ou vrèman ap aprann kouman pou w pataje!"

Si w gen keksyon oswa w enkyete pou konpòtman pitit gason w, pale sa ak moun k ap ba li swen sante a.



## Benyen nan pisin an sekirite

Otè: Lee M. Sanders, MD, MPH from the Department of Pediatrics at the University of Miami / Jackson Memorial Hospital.

Pandan sezon ete a ap pwoche epi dlo yo vin cho, timoun nan Sid Florid la pral pase pi plis nan tan yo nan dlo oswa kote ki gen dlo. Sa kapab yon pati enpòtan epi amizan nan granda nan Eta Florid (Sunshine State).

Malerèzman, timoun ki nan laj l a 4 an pèdi lavi yo neye anba dlo pi plis pase tout lòt sa ki kòz lanmò yo.

Pandan gen anpil pwogram ki ofri leson naje pou timoun tout laj, leson sa yo sèlman pa ka anpeche timoun kontinye neye. Tout timoun piti ki nan dlo oswa yon kote ki pre dlo, fò toujou gen yon granmoun k ap voye je sou yo.

Lakwawouj Amerikèn ak YMCA devlope pwogram pou tibebe ak timoun preskolè pou bay paran ak timoun amizan. Men pwogram sa yo pa fèt pou moutre timoun naje byen oswa pou yo sove tèt yo pou kont yo nan dlo. Fè timoun koumanse pran leson naje bonè nan yon laj tou piti pa vle di y ap konn naje pi byen pase sa yo ki pran leson naje nan yon laj ki pi gran.

Akademi Pedyatri Ameriken bay rekòmandasyon sa yo pou moutre timoun piti naje san danje:

1. Timoun pa pare pou pran leson naje fòmèl toutotan yo poko gen 4 an; kò yo pa devlope ase pou sa.
2. Leson naje pou tibebe ak timoun l a 3 an, yo pa ta dwe ap prezante sa kòm yon mwayen pou diminye risk pou yo pa neye.
3. Paran yo pa ta dwe santi yo kè kal ap panse pitit yo an sekirite nan dlo oswa li pap ka nwaye lè li fin patisipe nan pwogram kon sa.
4. Nenpòt lè tibebe ak timoun l a 3 an nan dlo oswa yon kote ki gen dlo, yon granmoun ta dwe sou lamèn pou bay yon siveyans sere.

Pou timoun ki gen plis pase 4 an, kontakte pwogram pou aprann naje nan Miami-Dade la ki rele "Miami-Dade Parks' Learn to Swim Program". Rele (305-755-7800) pou leson bon mache ak kote ki gen lisans pou bay leson nan zòn ou.



## Bay bibon nan lè pou al nan kabann

Otè: Sheah Rarback M.S., R.D., from the Mailman Center for Child Development at the University of Miami

Ant laj l a 2 an, tibebe ki konn ap bwè lèt nan bibon ka sispann pran bibon lèt yo abitye pran nan lè pou yo al dòmi. Sa se yon bon ide paske lè nou kite lèt rete nan dan yo nan lè pou ale nan kabann, sa ka lakòz timoun nan gen dan pike nan ranje dan devan anlè yo. Bwè ji nan bibon nan lè pou ale nan kabann ka lakòz dan pike tou.

Kèk timoun l a 3 an renmen bwè oswa manje yon bagay jis anvan yo ale dòmi. Si yo fè sa, ede yo bwose dan yo anvan yo ale nan kabann; kon sa, w ap ankouraje bon abitud epi w ap kenbe dan yo an sante.

Yon bibon regilye 8 ons lèt bay l 60 kalori. Dabitid, timoun l a 3 an adapte yo ak chanjman kalori nan manje yo manje; sa yo manke yon fwa, yo pran l yon lòt fwa. Yon timoun ki sispann bwè bibon nan lè pou l al nan kabann ka manje yon ti kras anplis nan maten, a midi, aswè ak nan amizan bouch; epi li pran kalori li bezwen natirèlman nan sa l manje.

Si moun k ap bay fanmi w swen lasante a rekòmande pou pitit ou kenbe yon rejim ki plen ak kalori, oswa li pa fin twò dakò pou tibebe a sispann manje anvan l al dòmi leswa, mande l kèk lide sou fason ou ka kontinye bay pitit nitrisyon li merite. Doktè pitit ou a tou kapab refere w bay pedyat ki espesyalize nan afè dyèt timoun si w ta bezwen plis èd pou sa.



# Sekirite nan chèz pou timoun chita nan machin

Otè: Hilda De Gaetano, D.O., FAAP, FACOP




Aksidan machin touye plis timoun ki nan laj 1 a 14 an pase tout bagay . 80% moun ki sèvi ak chèz pou pwoteje timoun nan machin pa sèvi ak chèz yo byen. Chèz pou sekirite timoun gen yon enpòtan kapital pou byennèt timoun lè y ap wwayaje nan machin.


Anpil paran ak moun k ap pran swen timoun pa okouran prensip sa yo pou bon jan sekirite nan chèz timoun:

1. Tibebe piti dwe bay fas yo pa dèyè jouk yo gen 1 an **oubyen si** yo peze 20 liv. Tibebe dwe rete nan mitan sou kousen dèyè machin nan, nan yon chèz timoun yo apwouve pou machin. Si tibebe w la peze 20 liv a laj 8 mwa, li dwe toujou

bay fas li pa dèyè jouk li gen 1 an. Si tibebe w la peze 16 liv a laj 1 an, li dwe toujou bay fas li pa dèyè jouk li rive peze 20 liv. Moun kwè pozisyon gade pa dèyè a bay tibebe w la pi bon pwoteksyon pou misk kou l ak misk tèt li ki toujou ap devlope.

2. Kon tibebe w la rive gen 1 an epi li peze omwen 20 liv, chèz yo apwouve pou pwoteksyon timoun nan dwe gade pa devan epi li dwe nan mitan sou kousen dèyè machin ou an. Se pou w li ki gwosè ak ki pwa timoun yo rekòmande pou chèz la. Kèk chèz bon pou kou tibebe a fèt rive 40 liv epi tou yo kapab chanje pozisyon olye l bay fas sou dèyè li bay fas sou devan. Gen kèk lòt se pou tibebe ki fèk fèt sèlman yo fè li. Tcheke ti liv ki vin ak chèz tibebe pou machin nan. Kon timoun nan rive yon sèten wotè, chèz tibebe ou genyen an ka bezwen chanje.
3. Kon pitit ou a peze plis pase 40 liv, ou kapab chanje chèz li a; ba li yon chèz ki gen yon do pi long pou pi gran timoun. Kèk chèz gen yon sistèm senti ki kapab ajiste yon fason pou ede w sèvi byen ak senti zepòl-kuis granmoun ki nan machin nan pou l byen chita sou timoun nan. Anpil paran pa reyalize timoun dwe byen tache nan yon chèz pwoteksyon nan machin nan jouk yo rive peze plis pase 80 liv epi yo pi wo pase 58 pous. Toutotan pitit ou poko rive gen gwosè sa a, li toujou twò piti pou sèvi ak senti granmoun ki nan machin nan, epi li toujou bezwen yon chèz sekirite ki mache ak laj li epi ak gwosè li.

Li enpòtan anpil pou granmoun yo okouran meyè fason pou enstale epi sèvi ak chèz timoun pou machin. Se pou w vin abitye ak ti liv faktori ki fè chèz la bay pou moun ki achte chèz la. Liv la bay ransèyman sou meyè fason pou enstale chèz la ansanm ak lòt enfòmasyon enpòtan sou sekirite. Gen plizyè kote nan kominote w la ki ofri gratis enspeksyon chèz timoun pou machin ansanm ak kèk konsèy sou sekirite. Kontakte estasyon lapolis ak ponpye nan zòn ou pou lè y ap bay enfòmasyon sa yo ak nan ki lokal yo fè aktivite yo. 



## Fwaye pezib: Aprann fason pou rezoud pwoblèm


Koutwazi Diane Golden nan yon fondasyon ki rele "Peace Education Foundation".



Aprann rezoud pwoblèm se yon ladrès tout timoun kapab aprann. Men, timoun pitit pa gen ladrès yon langaj avanse oswa matirite emosyonèl pou rezoud pwoblèm yo poukont yo. Avèk gid ou, pitit ou kapab aprann ladrès sa yo gradyèlman pandan l ap grandi.

Ou kapab kòmanse moutre l fason yo rezoud pwoblèm depi byen bonè nan laj 1 a 3 an. Men ki jan:

1. Kòmanse idantifye pwoblèm nan klè. Sèvi ak yon ki montre respè pou w kapab di sa w santi san blame ni dekouraje pitit ou. Paregzanp, « Mwen santi m fache lè m wè jwèt yo gaye toupatou atè a. Yon moun ka bite sou yo epi blese. »
2. Mande pitit ou ede w reflechi sou ki solisyon ki posib pou rezoud pwoblèm sa a. Sonje, li toujou ap aprann epi li bezwen èd ou. Pare 2 ou 3 solisyon posib nan tèt ou epi ede pitit ou chwazi youn. Firamezi, li ka kòmanse kreye solisyon pou kont li.  
Ou ta ka di, « Ki sa nou kapab fè ak jwèt sa yo atè a? » Pitit ou ta ka reponn, « M pa konnen » oswa li ka bay sijesyon ki pa mache ak reyalyte tankou, « Ann ranmase yo ak vakyòm nan! » Ou ta ka reponn, « Sa ta komik pou vakyòm jwèt yo, men sa pa ta kab mache paske vakyòm pa fèt pou jwèt. Ki lòt ide ou genyen? » Si pitit ou toujou bezwen èd, ou ta ka di, « Ou ta kab ranmase yo ou menm. Oswa ou ta kab mande yon moun ede w. Ki sa wou chwazi? »
3. Ede pitit ou chwazi youn solisyon ki mache ak reyalyte. Si l di, « M pa vle netwaye », ou kab reponn, « Ou pa kab chwazi sa. Fò jwèt yo al yon kote. Èske w ta renmen ranmase yo, oubyen èske m kapab ede w? »
4. Mete plan an ann aksyon. Paregzanp, si pitit ou mande èd, di: « Dakò, ann ranmase jwèt sa yo ansanm. » Pataje travay la ann etap tou piti pou l kapab santi li reyisi. Paregzanp, « Èske nou ta dwe ranmase kamyon yo anvan oswa lego yo? Chwazi ou menm! »
5. Tcheke ki jan solisyon an te mache. Ou ta kab di, « Li bon! Nou mete tout jwèt yo sou kote lè nou travay ansanm. » Si sa pa mache, se pou w di sa. « Ide sa pa t mache, ki sa n ta ka eseye ankò? » Kounye a, retounen nan etap 2.
6. Moutre pitit ou fason li te ede rezoud pwoblèm nan. « Sa vrèman mache lè nou ranmase jwèt yo ansanm. Lè w mande yon lòt moun ede w, sa se yon bon fason pou rezoud yon pwoblèm. »

Youn nan mwayen ki pi enpòtan pou pitit ou aprann rezoud pwoblèm se lè l ap gade sou wou. Se pou w tounen yon modèl pozitif lè w fè fas ak pwoblèm epi defi nan lavi w. 



Visite su biblioteca local para encontrar los libros, actividades y otras ideas que ayuden a su niño a aprender a leer y escribir. Para encontrar una biblioteca cerca de Ud., llame al 305-275-2665 o conectese al [www.mdpls.org](http://www.mdpls.org).

Si ou gen yon pitit ou sispèk ki yon ti jan retade mantalman oubyen li andikape, tanpri kontakte doktè ou oubyen kontakte kote sa yo: Si yon timoun gen 0-3 an: Pwogram pou ede timoun bonè Nan nò: (305) 243-5600 Nan sid: (786) 268-2611 Si yon timoun gen 3-5 an: FDLRS/Lekòl Leta Miami-Dade yo (305) 274-3501.

## Bòn nwit Vincent "Goodnight Vincent"


This activity brought to you by Kristin Read of the Miami Children Museum's Early Childhood Center.

Mwa sa a, fè pitit ou fè konesans ak bèl mèvyè sa yo rele boza a. Men yon aktivite ou ansanm ak pitit kab amize nou fè nan lè pou l al nan kabann. Se yon bèl fason pou w prezante yon atis rekoni bay pitit ou epi tou devlope abilite langaj li an menm tan.

Premyèman, li liv ki rele « Goodnight Moon » nan (Bòn nwit Lalin) ansanm ak pitit ou. Se Margaret Wise Brown ki ekri liv sa a. Liv sa a swiv yon manman ak pitit li pandan y ap di tout bagay ki nan chanm timoun nan « Bòn nwit » ata telefòn nan, yon boul wouj ak yon foto ki pandye sou mi an. Pwolonje aktivite lekti sa a pandan w ap site non tout bagay ki nan chanm pitit ou epi w ap di yo « Bòn nwit ». Timoun nan laj 1 a 3 an ak timoun preskolè ka renmen dekri koulè, gwosè epi bay lòt kalite deskripsyon pou chak bagay. Paregzanp: «Bòn nwit gwo nounous ble!»

Aprè sa, montre pitit ou yon kopi tablo penti Vincent Van Gogh ki rele « Vincent's Bedroom in Arles » (Chanm akouche Vincent nan Arles). Ale nan bibliyotèk ki nan katye w la, oubyen nan mize ki rele « Miami Children's Museum Parent/Teacher Resource Center » a, oswa nan entènèt la pou w kab jwenn yon kopi tablo penti sa a.

Pandan n ap gade tablo penti a ansanm, amize nou nan site non bagay yo ki nan chanm atis la. Ni timoun ak ni granmoun kab pran plezi yo ansanm nan aktivite sa a; epi tou sa kapab vin yon mwayen kreyatif nou pi renmen pou nou fini jounen an.



## Patisipe Nan ti Journal sa a...

**Voye:** foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon.

Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi.

- Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo.

- Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

**Voye lèt bay:** The Early Childhood Initiative Foundation, 3250 SW Third Ave, Miami, Fla 33129.

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye journal sa a:

The Early Childhood Initiative Foundation (646-7229) Ak United Way Success by 6 (305-860-3000)

De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Miami-Dade School Readiness Coalition) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvize pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami Dade County.

Se mesye Paula Bender ki pral dirije kowalisyon an (305-646-7225).

**Editè ti journal sa a se:**

Ana de Aguiar (305-646-7230)

**Moun ki nan komite revizyon journal sa a se:**

Dr. Debbie Glasser

## Participating Reach Out and Read Miami Sites



Liberty City Health Center (305-835-2200)

UM Pediatric Infectious Disease & Immunology (305-243-4445)

Miami Children's Hospital Continuing Care Center (305-669-6505)

UMDC Pediatric Associates (305-243-7570)

Kid Care Pediatrics (305-821-1600)

Jefferson Reeves Sr. Health Center (305-577-0093)

Doris Ison Health Center (305-252-4852)

MLK Jr. Clinica Campesina (305-242-6017)

Miami Hope Center (305-329-3021)

Guardian Health Center (305-438-9461)

## Kalandriye Aktivite yo

Ou envite pou vini.

Pandan 2 vandredi nan aswè: antre lib – nan Mize pou Timoun ki nan Miami (Miami Children's Museum) 16 Avril • 6:30 p.m. – 8:30 p.m.

Vini ak fanmi w twazyèm vandredi chak mwa, san w pa peye anyen, pou patisipe nan aktivite nou genyen nan Mize pou Timoun, ki nan Miami. Gen nouvo espozisyon nou an tou, Brezil, w ap kab wè. Fè yon pwomnad desann nan Avenida Atlantica, anndan Rio de Janeiro, kreye pwòp parad kanaval pa w epi vizite yon vilaj Amazon. Nan espozisyon sa a, ki yon anvivònman kiltirèl plis achitekti ak lanati, vizitè yo ap kapab patisipe nan yon seri aktivite pratik, tankou dans, mizik, atizana, ak fèt.



3250 SW Third Ave.  
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT  
ORG.  
U.S. POSTAGE  
PAID  
MIAMI, FL  
PERMIT #5665